

# **NLRB**

## **Ki sa li yé, ki sa li fé**

**Konsèy National Relasyon Travay Washington, DC 20570**

## **Ki SA NLRB VLE DI?**

Konsèy Nasyonal Relasyon Travay se yon ajans Fédéral endépandan kréyé an 1935 pa Kongrè-a pou administré lwa Nasyonal Relasyon Travay yo, lwa debaz la ki gouvèné relasyon ki genyen antr sendika travay yo avèk anplwayè yo koté operasyon yo afekté komès pami eta yo.

Lalwa garanti dwa travayè yo pou yo kapab òganizé yo e negosyé kolektivman avèk anplwayè li yo oswa pou yo absténi yo de tout aktivité. Jenéralman apliké a tout anplwayè ki patisipé nan komès—ant éta yo sòf pou konpayi avyon yo, chemen fè, agrikilti ak gouvènman—lwa enplemanté politik nasyonal travay la pou asiré chwa lib e ankourajé négosiasyon kolektif kòm yon mwayen pou kenbe lapè nan endistri yo. Atravè ané yo Kongrè-a te modifiyé lwa avèk Konsèy e tribinal yo te devlopé yon ansanm lwa ki soti de stati yo.

Brochi sa genyen pou entansyon pou li bay yon brèf eksplikasyon lwa a travayè yo, anplwayè yo, sendika yo avèk piblik la.

## **KI SA LI FE?**

Nan misyon fonksyonman li NLRB genyen de prensipal fonksyonl (1) pou detèminé atravè eleksyon bilten vòt sekre, lib chwa demokratik ke travayè yo genyen si yo vlé sendika reprezanté yo na rapò yo avèk anplwayè yo e, si yo dakò, pa ki sendika; e (2) pou preveni e remedyé aksyon ilégal yo, ki rélé pratik delwayal nan travay, swa pa anplwayè yo oswa sendika yo.

Dispozisyon elektoral lwa bay otorité pou kondwi eleksyon reprezantasyon, k-ap detèminé opinyon travayè yo konsènan reprézantasyon pa yon sendika travay. Pratik delwayal travay li yo vini mété restriksyon sou aksyon anplwayè ak sendika travayè yo nan relasyon yo avèk travayè yo, menm jan tou antré yo.

Ajans la pap aji sou pwòp mosyon pa li, nan nenpòt ki fonksyon li trété sèlman chaj sou pratik delwayal travay e petisyon pou eleksyon travayè ki depozé nan NLRB nan biwo rejional, sou rejyonal oswa biwo rézidan yo (Tanpri gadé nan lòt bò paj la pou lokasyon biwo yo).

Pèsonèl nan biwo yo disponib pou asistè piblik la avèk enfòmasyon konsènan lwa e bay fòm apwopriyé avèl lòt asistans teknik a moun ki ta vlé depozé akizasyon oswa pétisyon.

## **KI SA LWA PREVWA?**

Lwa prezanté dwa fondamental travayè yo konsa:

- Pou yo òganizé tèt yo.
- Pou fòmé, jwenn, oswa asistè òganizasyon travay yo.
- Négosiasyon kolektif sou salè ak kondisyon travay atravè reprézantan ke yo chwazi..
- Pou angajé nan lòt “aktivité konsèté pwotejé” ki se pou aji ansanm nan bi négosiasyon kolektif oswa lòt èd mityèl oswa pwoteksyon
  - Pou absteni nan nenpòt aktivité sa yo. (Toutfwa, yon sendika ak anplwayè kapab, nan yon éta koté akò sa yo otorizé, antré nan yon dispozisyon légal sekirité sendika).

Lalwa entèdi toulède anplwayè ak sendika pou violé dwa travayè yo. Pa egzanp, yon anplwayè pa kapab fè diskriminasyon kont travayè yo konsènan anbochaj, révokasyon oswa kondisyon travay yo akòz aktivité sendika yo. Yon sendika pa kapab angajé nan aksyon vyolans kont travayè yo ki absteni de aktivité sendika. Egzanp sa yo sé pou ilustrasyon sèlman. Pou plis enfòmasyon sou anplwayè e sendika e pratik delwayal travay sendika, tanpri référè a “Konsèy Nasyonal Relasyon Travay e ou-menm—Pratik delwayal travay,” disponib nan biwo NLRB ki pi prè-w. Yon piblikasyon relatif, “Konsèy Nasyonal Relasyon Travay e ou-menm—Ka Reprézantasyon,” dékri pwosesis eléksyon yo de fason pi détayé.

## **KI STRIKTI NLRB?**

Ajans la genyen 2 gran, seksyon separé. Konsèy la pou kont li genyen 5 manm e prensipalman sou baz dokiman ofisyèl nan pwosédi administratif yo. Manm konsèy yo nomé pa prezidan pou yon tèm de 5 ané, avèk konsantman Séna.

Chak ané manda yon manm expiré. Avoka jénéral la, nomé pa prezidan pou yon tèm de 4 ané avèk konsantman Séna, li endépandan de konsèy la e li responsab pou envestigasyon avèk pousuit nan ka delwayal travay yo e pou sipèvizyon jénéral nan biwo rejional NLRB nan trètman pratik delwayal travay e nan reprézantasyon ka yo.

Chak biwo rejional dirijé pa yon direktè rejional ki responsab pou-l detèminasyon inisyal nan pratik delwayal travay e ka reprezanasyon ki soulevé nan zòn jeografik ki nan réjyon-an (inkli nenpòt rezidan oswa biwo sou rejional yo nan rejyon-an).

## **KI PWOSEDI NRLB GENYEN**

### **Reprézantasyon ka yo**

Nan reprézantasyon ka elektoral ki idantik yo, yon sendika, anplwayè,oswa yon endividi kapab fè yon rekèt nan biwo rejyonal la pou mandé yon eleksyon pami yon gwoup patikilyé nan travayè yo (ki rélé inité negosiyasyon) pou detèminé si gwoup la vlé yo reprézanté-l oswa si-l vlé kontinyé reprézanté pa yon sendika. Yon pétisyon ki soumèt pa yon sendika oswa yon endividi dwé montré ke li genyen sipò omwen 30 pousan nan travayè ki afekté yo vlé yon eléksyon. tantativ ap fèt pou sekirizé akò pati yo sou pwoblèm ki konsèné yo, inkli inité apwopriyé avèk tan e plas eleksyon ap fèt. Plis ke 80 pousan nan demann pou eleksyon ki mérité fèt yo rivé nan aranjman sa yo. Si yo pa ka jwenn yon antant rejyon-an ap fè yon reyinion. Bazé sou dosyé reyinion-an, direktè rejional la ap sòti yon desizyon pou rézoud pwoblèm yo. Desizyon direktè rejyonal la kapab fè apèl a konsèy la.

## **Ka Pratik Delwayal Travay yo**

Lè yon plaint sou pratik délwayal nan travay depozé, biwo rejyonal konsèné-a meté yon ankèt sou pyé pou li detèminé si genyen rézon valab pou kwè ke lwa té vyolé. Si direktè rejyonal la detèminé ke akizasyon-an manké merit, l-ap rejété li amwens ke pati ki poté akizasyon-on desidé pou retiré chaj la. Yon anilasyon kapab prezanté devan Avoka Jeneral-la nan biwo li ki nan Washington DC.

Si direktè rejyonal la jwenn prèv rézonab ke te genyen yon violasyon nan lwa te komèt, rejyon-an ap chèchè yon antant volontè pou remédyé a violasyon kite pretann nan. Si efò pou antante-la echwé, yon plainte ofisyèl ap sòti e li kapab parèt devan yon jij lwa administratif NLRB pou yon odians. Jij la sòti yon desizyon alekri ki kapab parèt devan konsèy la pou desizyon final ajans la. Detèminasyon final sijè a yo revizyon nan tribinal Fédéral yo. Plis ke 90 pousan nan ka pratik delwayal travay depozé avèk NLRB yo dispozé nan yon médiasyon de 45 jou san nésesité yon déba fòmèl devan konsèy la. Sèlman 4 pousan nan ka yo parèt devan konsèy la pou yon desizyon.

Depi kréyasyon li NLRB trété plis ke 900,000 ka pratik delwayal nan travay e li òganizé plis ke 360,000 eleksyon bilten sekre. Ajans la jéré apeprè 40,000 ka chak ané. Ki inkli plis ke 7000 pétisyon pou reprézantasyon.

## **POU ENFOMASYON SIPLEMANTE**

Tanpri santi-w lib pou kontakté biwo NLRB ki pi pré-w pou plis enfòmasyon oswa pou resevwa kopi piblikasyon ki referé-la yo. Ajans la pibliyé yon bwochi ki pi détayé “Yon gid sou lwa fondamantal ak pwosédi ki prevwa pa lwa Nasyonan relasyon travay” (disponib nan biwo direktè jénéral responsab dokimantasyon, U.S. Government Printing Office, Washington, DC 20402).

**KONSEY NASYONAL RELASYON TRAVAY**

Biwo prensipal: Franklin Court Building, Suite 55301099 14th Street, NW Washigton, DC 20570–  
0001Telephone: (202) 208-3000